



### **CHEMEN RENMEN AN**

*Sa n dwe fè pou Bondye mele nan tout sa n ap fe*

**Apwòch dyonsezyen yo ak  
kesyon Chemen renmen an**

[www.episcopalchurch.org/wayoflove](http://www.episcopalchurch.org/wayoflove)

# **CHEMEN RENMEN AN**

## **APWÒCH DYONSEZYEN YO AK KESYON CHEMEN RENMEN AN**

Kouman dyosèz yo kapab mande manm staf yo, klèje yo, ak kominote k ap adore yo pou yo pratike Chemen renmen an? Kouman pawòl yon evèk oubyen yon lòt lidè nan legliz la kab sèvi kòm yon entwodiksyon pou enterese moun yo reflechi sou viv yon lavi ki plen ak espri Jezi nan suiv sèt pratik ki nan Chemen renmen an?

W ap jwenn yon lis dyosezyen ak efò lokal ki pi long nan sit sa a: [episcopalchurch.org/way-of-love](http://episcopalchurch.org/way-of-love).

### **FAZ EDIKASYON AN**

Entwodui konsèp règ lavi a epi pratik sa yo: Vire, priye, aprann, adorasyon, beni moun, al nan misyon, epi pran repo.

### **KOUMAN? Blòg, videyo, kanpay ak imèl, prèch, pòdkas**

#### **Blòg**

Dyosèz nan mitan Pennsilvani an

[www.diocesepa.org/blog/2018/09/21/turn](http://www.diocesepa.org/blog/2018/09/21/turn)

Pawòl Evèk Audrey Scanlan: "Mwen renmen lè kandida batèm yo vire nan direksyon lès—nan direksyon limyè nan direksyon solèy la, direksyon redanmsyon lavi a. Mwen renmen entansyon ki gen dèyè jès sa a. Mouvan sa a ki chita sou yon chwa, ki reflete yon chwa espirityèl entèn pou kase tèt tounen vin jwenn Jezikri epi pou reklame yon lòt chemen. Pou w vire jwenn Jezikri se yon senbòl fizik ki pisan. Nou tout konnen mwen kondui anpil. Kilomèt apre kilomèt atravè dyosèz nou an –pafwa mwen rale plizyè santèn kilomèt nan yon semèn. Nan kad yon moun k ap kondui byen e ki respekte règ wout la, mwen toujou mete siyal ki di lè m ap vire— tout tan. Mwen siyale lè m ap deplase sot nan yon liny al nan yon lòt—mwen montre entansyon mwen— pou facilite yon lòt machin ki ap deplase mwen vit oubyen pou m re-antre nan trafik nan liny dwat la. Sa enève m anpil lè moun pa mete siyal yo; Pou mwen, sa montre moun sa a pa wè gen lòt moun sou wout la, e sa vle di li santi l siperyè oubyen li awogan, epi li pa gen respè pou lòt moun ki sou wout la. Lè nou mete siyal n ap vire sa vle di nou okouran gen lòt moun ki ozalantou nou oubyen nou se manm yon kominote oubyen chwa pa nou yo enfliyanse chwa lòt moun yo. Lè nou mete siyal nou, nou fè lòt konnen gen yon chanjman nan direksyon kote n prale a epi nan relasyon nou ak lòt moun. Lè nou vire nan direksyon ès la nan batèm, nou fè sa pou nou montre entansyon nou pou nou reklame yon plas nan kominote a nan relasyon nou ak lòt kretyen epi nan relasyon nou avèk Bondye.

#### **Videyo**

Dyosèz Olenmpya a

[www.facebook.com/EpiscopalWesternWashington/videos/1898141326911967/](https://www.facebook.com/EpiscopalWesternWashington/videos/1898141326911967/)

Evèk Greg Rickel envite nou pou nou pratike Chemen renmen an ak lòt Episkopalyen toupatou sou latè. Apre l fin esplike Chemen renmen an epi li fin fè lis sèt pratik yo, Evèk Rickel envite moun pou yo bay temwayaj yo epi bay kontak dyosezyen yo materyèl ak temwaya.

## DyosèzLwès Masachosèt la

Yon echantyon video Evèk Doug Fisher yo

- Aprann: [vimeo.com/316072844](https://vimeo.com/316072844)
- Adorasyon: [vimeo.com/316072247](https://vimeo.com/316072247)
- Priye: [vimeo.com/316071523](https://vimeo.com/316071523)

## Imèl

### DyosèzLwès Masachoosèt la

Chak vandredi maten pandan sèt semèn, Evèk Fisher fè kòmantè sa yo sou sèt pratik Chemen renmen an ki enkli:

- Adorasyon: [bit.ly/FisherWOL1](https://bit.ly/FisherWOL1)
- Aprann: [bit.ly/FisherWOL2](https://bit.ly/FisherWOL2)

### Dyosèz Sidwès Vijini an

Yon envitasyon yo te lanse chak semèn pou revèy (anvan manman revèy la ki ap fèt 25-27 janvye 2019): “Nou asepte envitasyon Achevèk Curry pou nou pran Chemen renmen an, ‘kòm yon règ lavi’, ki konsanatre lavi nou sou Jezikri. Kidonk, pandan n ap prepare nou pou revèy Episkopal la nan Konvansyon Anyèl nou an nan fen mwad janvye a, chak semèn n ap leve youn nan sèt pratik pou yon vi ki santre sou Jezikri. Se pou nou veye mesaj y ap voye chak semèn yo pou prepare nou pou Revèy la.”

## Pòdkas Prèech

### Dyosèz Wachingtonnan nan

[experiencingjesuswithbishopmariann.simplecast.fm/episodes](http://experiencingjesuswithbishopmariann.simplecast.fm/episodes)

Evèk Mariann Budde dirije uit semèn ak Jezikri gras ak yon règ lavi ki rele Chemen renmen an.

Nan seri prèch an uit pati sa a, evèk la te pale sou kouman fè espryans ak Jezi gras ak pratik espirityèl ki entansyonèl ap transfòme wou ak moun ki bò kote w.

## Sitwèb

### Dyosèz Tegzas de Iwès la

[christianformation-dwtx.org/category/way-of-love/](http://christianformation-dwtx.org/category/way-of-love/)

Sa a se te yon etid pa sezon sou Chemen renmen an gras ak endikatè fotografik epi espirityèl ki the itilize Pwogram Lavan an Gwoup Travay Chemen Renmen an te devlope a.

## FAZ ESPLORASYON AN

Ale pi fon nan aprann kouman pou nou kreye pwòp règ lavi pa nou kòmanse ak chak nan egzèsis yo.

## KOUMAN? Retrèt ak aktivite ki sèvi ak Chemen renmen kòm tèm

Lis prèch Chemen renmen an, Dyosèz Wachingtonnan

[www.edow.org/files/4415/3444/2003/DIOWASH\\_Way\\_of\\_Love\\_Sunday\\_Lectionary\\_.pdf](http://www.edow.org/files/4415/3444/2003/DIOWASH_Way_of_Love_Sunday_Lectionary_.pdf)

Ekip Evèk Budde a te fè yon je ti liv pou dimanch, yo chak gen yon koleksyon lekti ki sèvi kòm entwodiksyon pou Chemen renmen ak konsantrasyon sou egzèsis yo.

## Aktivite Rejyonal, Dyosèz nan mitan Nouyòk la [cnyepiscopal.org/event/way-of-love-2019/all/](http://cnyepiscopal.org/event/way-of-love-2019/all/)

Sistèm Chemen renmen se yon règ pou lavi li ye pou yon moun viv etan yon sèvitè Jezikri ki fidèl. Atelye gratis sa yo ap esplore jan nou kapab sèvi avèk Chemen renmen an nan lavi espirityèl nou e kouman nou kapab entwodui li nan kongregasyon nou an epi pataje li. Kit ou se yon nouvo Episkopalyen, yon klèje, yon manm sakristi a, oubyen lidè yon ministè, w ap apresye dekouvri nouvo pratik, ak pratik espirityèl ki djanm nan atelye sa a! N ap envite jèn ki nan sisyèm ane eskolè oubyen sa ki pi gran yo tou.

## Ann viv nan Chemen renmen an, Dyosèz Alabama a [www.churchpublishing.org/livingthewayoflove](http://www.churchpublishing.org/livingthewayoflove)

An otòn 2018, Mary Bea Sullivan, yon manm Kominisyon Espirityèl nan Dyosèz la, te fòme plizyè gwoup fi ki te reyini pou plizyè semèn nan salon, nan legliz oubyen nenpòt kote moun ap viv. Chak semèn yo te viv yon sitiyasyon epi yo te reflechi sou li ansanm ak Chemen renmen an. Nan prentan 2019, Komisyon an ap fòme plis ti gwoup epi li ap òganize retrèt Chemen renmen an pou patisipan ki kapab vini an pèsòn oubyen ki kapab patisipe sou entènèt. Refleksyon sou espèryans chak jou yo—ak uit gid pou sesyon—fè pati liv Sullivan nan, Living the Way of Love: A 40-Day Devotional (Ann viv Chemen renmen an: yon devosyon 40 jou).

## Komisyon Developman Kongregasyonèl, Dyosèz Wod Aylann nan [www.episcopalri.org/ministries/way-of-love/](http://www.episcopalri.org/ministries/way-of-love/)

Nan dezan Komisyon Developman Kongregasyonèl la (CDC) konte enterese dyosèz yo pou yo enkòpore Chemen renmen an nan lavi pèsònèl moun epi nan lavi moun k ap dirije konpayi. Y ap ankouraje kongregasyon yo epi endividé pou yo aplike chak pratik espirityèl yo pandan twa mwa.

## **FAZ ESTANDA YO**

Entegre chak gressnan sèt pratik yo etan yon pati nan vi dyosèz la. Enterese klèje a ak endividé yo pou yo “travay sou sa” kòm nannan aktivite epi kòm idantite n etan branch Episkopalyen nan Mouvman Jezikri a.

## **KOUMAN? Rantre aktivite ki konn abitye fèt nan dyosèz ou a nan Chemen renmen an.**

### Ti liv Konvansyon Dyosezyen an, Dyosèz Michigann nan [www.episcopalchurch.org/files/wol\\_journal\\_-\\_diocese\\_of\\_michigan.pdf](http://www.episcopalchurch.org/files/wol_journal_-_diocese_of_michigan.pdf)

Ti liv konvansyon sa a soti nan Dyonsèz Michigann nan li gen fèy pou moun travay ladann ak espas pou refleksyon pèsònèl ki chita sou pratik Chemen renmen an.

### Jou refleksyon ak disèneman, Dyosèz Nouwek la, Konsèy Dyosezyen an [dioceseofnewark.org/event/way-of-love-2019](http://dioceseofnewark.org/event/way-of-love-2019)

Ekip ki Bay Moun Fòs la nan Konsèy Dyosèz nou an ap envite nou vin pra pa nan atelye n ap fè an prentan 2019: Ann viv daprè Chemen renmen an. Etan branch Episkopal Mouvman Jezikri a, n ap suiv chemen Jezikri a. Chemen li an se yon Chemen renmen, e renmen sa a kapab chanje lavi moun epi chanje lemonn. Bi atelye sa a se pou nou etabli bon jan relasyon ak konfyans nan Bondye epi ak konfyans youn genyen nan lòt. Lè nou youn rankontre lòt pou nou chita pale, pou n fè egzèsis, epi pou nou priye, nou aprann kouman pou nou renmen. Nan yon ti gwoup gen espas pou nou priye epi pou nou pran responsabilite nou tou pandan n ap chache viv jan Jezikri te viv la.

## **Komisyon Developman Kongregasyonèl la, Dyosèz Wod Aylann nan (Rhode Island)**

[www.episcopalri.org/ministries/way-of-love/](http://www.episcopalri.org/ministries/way-of-love/)

Komisyon Developman Kongregasyonèl la (CDC) ap lanse yon posesis dezan pou Episkopalyen enkòpore Chemen renmen an nan lavi pèsonèl yo ak lavi moun an gwoup. Y ap envite kongregasyon yo epi endivid yo pou yo konsantre yo sou chak pratik espirityèl pou twa mwa. Aprann kichòy sou lansman an sou sit sa a: [www.eventbrite.com/e/the-way-of-love-kick-off-tickets-53316629474](https://www.eventbrite.com/e/the-way-of-love-kick-off-tickets-53316629474).

## **Aktivite pou lajenès, Dyosèz Minisota a**

[brianprior.com/2019/01/02/way-of-love-2/](http://brianprior.com/2019/01/02/way-of-love-2/)

Deskripsyon Evèk Brian Prior pou Winter Light (Limyè Ivè), ki yon rasanbleman nan Kanouga fwa sa a k ap konsantre yo sou Chemen renmen an: "Yon lòt fwa ankò mwen te jwenn yon benediksyon pou mwen te pase yon semèn ant nwèl ak joudlan nan mòn Kawolin dinò yo ak 150 jèn. Misyonè pou evanjelizasyon nou an, Marcus Halley, te la avèk mwen kòm omonye pou semèn nan, pandan nou tap plonje nan 'Kreye yon Kominote tout Moun Renmen.' Pandan nou tap voye jèn yo ale lè lè a te rive, nou ankouraje yo itilize pratik Chemen renmen an Evèk Alatèt la te entwodui a.

## **Lis prèch ak ti liv priyè ak chan Chemen renmen an, Dyosèz Wachintonn nan**

[www.edow.org/files/4415/3444/2003/DIOWASH\\_Way\\_of\\_Love\\_Sunday\\_Lectionary\\_.pdf](http://www.edow.org/files/4415/3444/2003/DIOWASH_Way_of_Love_Sunday_Lectionary_.pdf)

Lidè dyosezyen yo te konsève je 8 ti liv sa yo yon je ti liv ki la pou entwodui règ lavi ak sèt pratik yo. Chak semèn gen yon ti koleksyon ki sot nan liv Priyè Toulèjou yo ansanm ak lekti ki sot nan Ansyen Testaman an, Sòm yo, ak Nouvo Testaman epi Levanjil yo. Yo pèmèt kongregasyon an sèvi ak leksyonè olye de leksyonè Legliz Episkopal la e gen de douzèn moun ki te sèvi ak opòtinite sa a pou yo te entegre Chemen renmen an nan lavi litiji a.